

Otorizasyon pou Divilge Dosye Medikal

Domèn Sèvis	☐ Community Health Center ☐ Lakeside Medical Center ☐ Skilled Nursing Center ☐ Trauma Hawk ☐ Ground Transportation				
Non Pasyan an		Dat Nesans		Nimewo Dosye Medikal:	
Adrès					
Imèl		Nimewo Telefòn			
Verifikasyon Idantite (Pyès Idantifikasyon Gouvènman an Emèt - pa egzant, Nimewo Lisans Chofè ak Dat Ekspirasyon)					

Lè mwen siyen fòmilè sa a, mwen bay otorizasyon m pou bagay sa yo: ENTÈVAL DAT: __TOUT__ jiska

Divilgasyon Enfòmasyon Sante Pwoteje (PHI) pasyan an <u>ki soti nan</u> :		Divilgasyon Enfòmasyon Sante Pwoteje (PHI) pasyan an <u>bay</u> :	
Moun, kategori moun nan, ak/oswa òganizasyon an		Moun, kategori moun nan, ak/oswa òganizasyon an Health Care District -Community Health Centers	
Adrès		Adrès 1515 N Flagler Drive STE 101 WPB FL 33401	
Faks	Telefòn	Faks 561 804 5643	Imèl recordsrequest@hcdpbc.org
Enfòmasyon sante ki pwoteje sa yo kapab divilge: (tcheke kaz ki apwopriye a oswa kaz ki apwopriye yo):			
☐ Rezilta Tès Laboratwa ☐ Rezilta PAP Tès ☐ Dyagnostik/Rezilta Imajri ☐ Nòt sou Pwogrè ☐ Lis Medikaman ☐ Istorik/Dosye Vaksinasyon ☐ Nòt Konsiltasyon yo ☐ Rezime sou Ospitalizasyon/Depatman Ijans ☐ Lòt: _____			

Anplis de sa, mwen bay otorizasyon m pou yo pataje enfòmasyon sa yo, ki ka gen ladann enfòmasyon pwoteje sou sante, ki dekri pi wo a (Mete yon tchèk epi mete inisyal ou nan tout sa ki apwouve yo)

☐ Sante Mantal: _____ (inisyal)	☐ VIH/SIDA: _____ (inisyal)
Rezon pou divilgasyon an se:	

- Mwen konprann ke, dapre lalwa federal, Health Care District of Palm Beach County ak antite ki afilye yo, ki enkli, men ki pa limite ak sa yo, Community Health Center, Lakeside Medical Center, Skilled Nursing Center, Trauma Hawk, ak Ground Transportation pa dwe itilize oswa divilge enfòmasyon pwoteje sou sante yo san otorizasyon eksepte jan sa defini nan Avi sou Pratik nan Zafè Vi Prive (Notice of Privacy Practices) yo. Lè mwen siyen Otorizasyon sa a, mwen bay pèmasyon pou itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon pwoteje sou sante yo ki dekri la a. Mwen libere, nan dokiman sa a, Health Care District of Palm Beach County, antite ki afilye yo, ak anplwaye li yo anba nenpòt ak tout responsablite ki ka rive akòz divilgasyon enfòmasyon jan mwen endike l la.
- Mwen rekonèt mwen gen dwa pou mwen anile Otorizasyon sa a nenpòt lè, si mwen fè sa alekri, e si mwen adrese l bay moun oswa enstitisyon ki endike pi wo a. Mwen konprann ke anilasyon an p ap aplike pou nenpòt aksyon yo deja pran akòz otorizasyon sa a.
- Mwen konprann ke Health Care District of Palm Beach County ak antite ki afilye yo pa gen dwa poze kondisyon pou tretman, peman, enskripsyon oswa elijibilite pou avantaj yo baze sou si mwen ranpli Otorizasyon sa a.
- Mwen rekonèt enfòmasyon yo divilge ki baze sou Otorizasyon sa a ka pa pwoteje ankò anba lwa federal sou konfidansyalite enfòmasyon medikal prive e ke moun oswa ajans ki resevwa l yo ka divilge yo.
- Mwen rekonèt mwen gen dwa pou mwen jwenn, depi mwen ta mande sa, yon lis enstitisyon yo divilge enfòmasyon mwen ba yo.
- Si Health Care District of Palm Beach County oswa antite ki afilye ak li yo te mande Otorizasyon sa a, mwen konprann ke Health Care District of Palm Beach County oswa antite ki afilye yo pral ban m yon kopi fòm Otorizasyon sa a kou m fin konplete l ak tout siyati m ladann.

Otorizasyon sa a ap ekspire otomatikman sou yon (1) lane apati dat li te siyen an, si yo pa presize okenn lòt dat oswa evènman.	Dat Ekspirasyon oswa Evènman:
Mwen te li fòmilè otorizasyon sa a e mwen konprann enfòmasyon ki ladann yo.	
Non Pasyan an oswa Non Reprezantan Legal la Ekri ak Lèt Detache ak Siyati li	Dat la:
Non Temwen an Ekri ak Lèt Detache ak Siyati li	Dat la: